

Pou Piblikasyon Imedya: 06/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA BRIANNA POU RANFÒSE SEKIRITE KANOTYE

Apati 2025, ekzije tout operatè bato motorize pou pran kou sou sekirite

Peryòd miz anvigè senk ane a aplike a anbakasyon motorize

Pak Eta pral lanse kanpay pwomosyonel sekirite pou kanotaj

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a yon lejislasyon (S.5685/A.4853.A) - oubyen Lwa Brianna - pou mete anvigè ekzijans pou tout operatè anbakasyon motorize dwe ranpli yon kou sou sekirite pou kanotaj eta a apwouve. Lwa Brianna ke yo te nonmen anlonè Brianna Lieneck, ki te gen 11 ane ki se te yon tifi Long Island ki te mouri nan yon aksidan bato an 2005. Gouvènè a te mande tou pou Pak Eta yo lanse yon kanpay pwomosyonèl sou sekirite kanotaj pou raple kanotye yo nouvo ekzijans pou pran yon kou sou sekirite.

"Kanotaj te vin ankò plis popilè epi règ ak lwa nou yo pat vrèman kenbe menm vitès ak li", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ta dwe genyen yon nivo konesans debaz yon moun dwe posede anvan yo ba l pèmasyon pou al deyò a epi kondwi yon bato, epi rann yon kou sou sekirite obligatwa se yon jès bon sans. Li pwoteje operatè bato a ak tout moun operatè a te ka vin antre an kontak, epi li pral rann dlo nou yo plis sekirize. Li te nesèsè pou yon aksidan terib rann sitiyasyon sa a reyèl pou moun yo, men atravè lwa sa a Brianna ap sove lavi epi lanmou li ap kontinye."

Mezi a pwolonje yon lwa Gouvènè Cuomo te siyen oparavan ki ekzije kanotye ki fèt apre 1ye Me 1996 pou konplete yon kou sou sekirite anvan yo opere yon anbakasyon motorize. Nan kad peryòd miz anvigè a, tout operatè bato motorize ki fèt nan oubyen apre 1ye Janvyè 1993 dwe konplete yon kou sou sekirite pou yo kondwi yon bato motorize apati 2020. Moun ki fèt apre 1ye Janvyè 1988 dwe konplete yon kou sou sekirite apati 2022. Moun ki fèt an oubyen apre 1ye Janvyè 1983 dwe konplete yon kou sou sekirite apati 2023. Moun ki fèt an oubyen apre 1ye Janvyè 1978 dwe konplete yon kou sou sekirite apati 2024. Ekzijans lan ta pral aplike pou tout operatè bato motorize apati 2025, kèlkeswa laj yo. Si ou pa obeye l, sa ka mennen a yon amann ant 100 dola a 250 dola anba nouvo lwa a ki antre anvigè 1ye Janvyè 2020.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ki jere lwa a, estime gen apeprè yon milyon kanotye ki pral dwe pran kou sou sekirite yo anvan fen peryòd miz anvigè a 1ye Janvyè 2025.

Gouvènè Cuomo te mande tou pou Pak Eta yo lanse yon kanpay pwomosyonèl sou sekirite kanotaj pou asire kanotye yo okouran de nouvo ekzijans yo pou pran yon kou

sou Entènèt oubyen an pèsòn epi pwomouvwa sekirite sou wout dlo nou yo, sa enkli piblisite sou radyo ak rezo sosyo; distribisyon materyèl enfòmasyon bay lapolis; Gad Kotyè Ameriken (U.S. Coast Guard), marina, pwofesè edikasyon kanotaj ak patnè sekirite kanotaj; epi mizajou sou sit wèb Pak Eta yo.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare. "Eta New York ofri kèk nan meyè avanti kanotaj ak lapèch nan peyi a. Meyè fason pou w jwi de avanti sa yo se pou fè sa ansekirite. Li fè sans pou chak kanotye aprann enfòmasyon debaz sou sekirite kanotaj anvan yo opere yon bato motorize".

Senatè John E. Brooks te deklare, "Mwen kontan anpil dèske Gouvènè Cuomo te siyen pwojè lwa enpòtan sa a pou l vin lwa epi m ta renmen konplimante Gina Lieneck pou efò enfatigab li yo pou fè lejislasyon sa a pase. Nou tout dwe rekonèt kijan sekirite kanotaj vitalman enpòtan sou wout dlo nou yo epi mwen kwè fòmasyon ki asosye ak lwa sa a pral sove lavi. Mwen aplodi lidèchip Gouvènè Cuomo nan rann New York pi sekirize epi mwen remèsye li pou efò li yo nan kontinye rann plaj ak wout dlo yo nan Long Island kòm destinasyon sekirize pou lwazi familyal yo ta dwe ye a".

Senatè Phil Boyle te di, "Ak siyati Gouvènè Cuomo jodi a, Lwa Brianna pral kòmanse rann wout dlo nou yo pi sekirize. Nou remèsye Gina ak lafanmi Lieneck paske yo pat jann abandone nan konba long ak difisil pou ekzije kou sekirite kanotaj nan New York".

Manm Asanble Kimberly Jean-Pierre te deklare, "Kanotaj se youn nan meyè fason pou soti ak jwi bèl resous natirèl Long Island, men trajikman, nou te wè twòp aksidan ki te ka evite ak edikasyon sekirite apwopriye. Lwa Brianna, ki te nonmen anlonè pwòp Brianna Lieneck ki se moun Long Island ki te pèdi lavi l nan yon aksidan bato an 2005, pral ede evite trajedi fiti lè li ekzije tout kanotye pou yo konnen kijan pou yo manevre sekirite anbakasyon epi kijan pou yo aji nan sitiyasyon ijans. Mwen te goumen di pou lejislasyon vital sa a, epi mwen vle remèsye gouvènè a paske li ede pwoteje fanmi nou yo lè li siyen l vin lwa".

Chèf Egzekitif Konte Suffolk la Steve Bellone te deklare, "Li vital pou wout dlo nou yo gen pwoteksyon kont kanotaj danjre ak iresponsab, epi lwa sa a pral asire kèlkeswa moun k ap opere yon anbakasyon motorize gen fòmasyon apwopriye nou navige sou dlo yo ansekirite. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li siyen pwojè lwa enpòtan sa, epi onore lavi Brianna Lieneck".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li siyen lejislasyon istorik sa a pou fè li vin yon lwa. Nou dwe pwoteje wout dlo nou yo nan menm fason nou pwoteje wout nou yo. Nou gen plis pase 40,000 bato lwazi ki anrejistre nan Nassau, anplis de sikilasyon lapèch komèsyal ki mouvman. Nassau pral kontinye ranfòse lwa navigasyon ak regleman sekirite pou pwoteje rezidan kont trajedi ki evitab. Lwa bon sans sa a pral sove lavi. Li pral kenbe piblik kanotye a ak pasaje li yo ansekirite lè li ekzije pou operatè yo konnen ak obeyi lwa navigasyon ak pwosedi sekirite ki lye yo. Mèsi Senatè John Brooks, manm asanble Jean-Pierre ak tout moun ki te travay pou fè Lwa Brianna rive sou liy final la. Mwen vle espesyalman remèsye Gina Lieneck, manman Brianna Lieneck, pou konba enfatigab li an pou asire lavi pitit fi li an pat pèdi pou granmès".

Lwa a pèmèt akseptasyon kontini fòmasyon ak sètifikasyon ki baze sou Entènèt Pak Eta a apwouve pou satisfè nouvo demann sa a. Kou nan sal klas pral kontinye ret disponib tou. Ou ka jwenn enfòmasyon sou alafwa kou sou Entènèt ak nan sal klas nan [sit wèb](#) Pak Eta yo.

Gen apeprè 439,000 bato motorize ki anrejistre nan eta a, dapre Rapò Bato Lwazi eta a an 2018.

Lwa a pa aplike a operatè vwalye, kayak, planch a bra pou kanpe, chaloup ak ram oubyen kannòt.

###

Lèt nouwèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)